

Igice ca 4 - Abaroma 12:3 - 8

Ibibazo bitatu twese twibaza:

1. Ndi nde? (Akaranga)
2. Ni ikihe kibanza canje mu buzima? (Umutekano)
3. Ni ikihe gikorwa nkwiye gukora ? (agaciro k'umuntu)

Ni kubera iki bigoye kwishura ibi bibazo ?

8 Bumva ijwi ry'Uhoraho Imana agendagenda mur' iryo tongo mu gihe c'akayaga ko ku kagoroba: uwo muntu n'umugore wiwe binyegeza mu biti vyo mur' iryo tongo, ng'Uhoraho Imana ntababone.

9 Uhoraho Imana ahamagara uwo muntu, aramubaza, at' Uri hehe?

10 Aramwishura, ati Numvise ijwi ryawe mw itongo, ndatinya, kuko ndi gusa, ndinyegeza.

11 Aramubaza, ati Ni nde yakubariye ko wambaye ubusa? Mbega wariye kuri ca giti nakubujije kuryako?

12 Uwo muntu aramwishura, at'Umugore wampaye ngo tubane, ni we yampaye ku vya ca giti, ndarya.

13 Uhoraho Imana abaza uwo mugore, at' Ico wakoze ico n'igiki? Uwo mugore aramwishura, at' Inzoka yampenze, ndabirya.

Itanguriro 3:8-13

Intambamyi zitatu zitubuza kuronka inyishu nyazo:

1. Ubwoba bushinze imizi mu **BIMARAMARE**.

2. Ukwinyegeza gushinze imizi **MU MUTEKANO MUKE**.
3. Uguta amakosha ku bandi gushinze imizi mu **GUHAKANA**.

Inyishu z'Imana:

Abaroma 12:3-8

1. Urinde? Abaroma 12:3

Ndabgira umuntu wese muri mwebge, mbgirijwe n'ubuntu nahawe, yoye kwifata ukw atari, yamara yiyumvire yitonze nk'ukw Imana yagereye umuntu wese ukwizera.

Itegeko: Kwiyumvira **WITONZE** kuri wewe ubwawe.

2. Ni ikihe kibanza cawe mu buzima? Abaroma 12:4-5

⁴Nk'uko mu mubiri umwe dufise ingingo nyinshi, kand' ingingo zose zitagira igikorwa kimwe, ⁵ natwe ni ko turi; turi benshi, kandi tur' umubiri umwe muri Kristo, umuntu wese n'urugingo rwa mugenzi we.

Impamvu: Urafise **IGIKORWA** usabwa gukora.

3. Ni ikihe gikorwa ukwiriye gukora ? Abaroma 12:6-8

⁶Nuko dufise ingabire zitandukana, nk'uk' ubuntu twahawe butandukana: namba twarahawe kuvugishwa n'Imana, tuvugishwe na yo uk' ukwizera kwacu kungana; ⁷ canke namba twarahawe igikorwa co mw ishengero, tugishishikare; cank' uwigisha ashishikarire kwigisha;

UBUNYEMPWEMU BW'UKURI

UKO TWOBA ABO TURIBO VY'UKURI

⁸ *cank' uhanura ashishikarire guhanura; ugira ubuntu, abugire ata kinubge; uganza aganzanye umwete; ugira imbabazi, azigire anezerewe.*

Gushira mu ngiro: Menya wongere **UKORESHE** Ingabire zawe zo mu buryo bw'Impwemu.

Ntuzigere wibagira uwo uri vy'ukuri!

1. Imana yakuremye mu buryo wisangije – Ufise **AGACIRO K'IBIHE VYOSE**

ZABURI 139:13-14

2. Imana yagushize mu muryango wayo – uri umuntu **YEMEWE**
ATAKIRINZE GUSABWA.

Abanyefeso 3:19-22

3. Imana yaguhaye ingabirano ngo ushitse umugambi wayo – **UFISE**
AKAMARO KUBURYO ATAWOGUSUBIRIZA.

Abanyefeso 2:10

Ibibazo vyo gushira mu ngiro inyigisho ku giti c'umuntu:

1. Ku munzane wo kuva kuri 1 gushika kuri 5, ni gute wiyumvira kuri wewe witonze/mu buryo bubereye?
Kubera iki? Kubera iki bitoshoboka?
2. Ku munzane wo kuva kuri 1 gushika kuri 5, ni iyihe migenderanire ufitaniye na bene Data bandi?
Kubera iki? Kubera iki mutayifitaniye?
3. Ni iyihe ngabirano yawe ya mbere yo mu buryo bw'Impwemu? Ni ikihe kintu ukunda gukora iyo uri mu bandi bantu b'Imana kandi ukabona kirafasha kikongera kigatera intege abandi?
4. Ni iyihe « ntambuko ikurikira » wumva Imana ishaka ko utera kugira ngo ushobore kwiyumvira kuri wewe mu buryo nyabwo/burimwo ubwenge?